

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan modél pangajaran *Make a Match* dina pangajaran nulis guguritan, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis guguritan saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match* kaasup katégori can mampuh. Katitén tina rata-rata kelas anu rata-ratana 39.97. Tina 35 siswa, ukur 2 siswa (5.71% dina wangun perséntase) anu kaasup katégori mampuh, sedengkeun 33 siswa (94.29% dina wangun perséntase) kaasup katégori can mampuh. Rata-rata skor dumasar kana genep aspék nu dipeunteun nya éta: (1) aspék poko tulisan guguritan kaasup katégori sedeng, katitén tina skor rata-ratana 3.00; (2) aspék amanat dina jero guguritan kaasup katégori goréng, katitén tina skor rata-ratana 1.54; (3) aspék basa nu digunakeun dina guguritan kaasup katégori goréng sabab skor rata-ratana 2.26; (4) aspék guru lagu kaasup katégori goréng sabab skor rata-ratana 1.40; (5) aspék guru wilangan kaasup katégori goréng sabab skor rata-ratana 1.63; (6) aspék carita (runtuyan jalan carita jeung eusina) kaasup katégori sedeng sabab skor rata-ratana 2.49.
- 2) Kamampuh nulis guguritan sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match* kaasup katégori mampuh. Ieu hal katitén tina rata-rata kelas anu rata-ratana 74.23. Tina 35 siswa, ukur 5 siswa (14.29% dina wangun perséntase) anu kaasup katégori can mampuh, sedengkeun 30 siswa (85.71% dina wangun perséntase) kaasup katégori mampuh. Rata-rata skor dumasar kana genep aspék nu dipeunteun nya éta: (1) aspék poko tulisan guguritan kaasup katégori alus, katitén tina skor rata-ratana 4.14; (2) aspék amanat dina jero guguritan kaasup katégori sedeng, katitén tina skor rata-ratana 2.71; (3) aspék basa nu digunakeun dina guguritan kaasup katégori sedeng sabab skor rata-ratana 3.06; (4) aspék guru lagu kaasup katégori alus sabab skor rata-ratana 4.51; (5) aspék guru wilangan kaasup katégori alus sabab skor rata-ratana 4.06; (6) aspék carita

(runtuyan jalan carita jeung eusina) kaasup katégori sedeng sabab skor rata-ratana 3.40.

- 3) Kamampuh nulis guguritan ngaronjat antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match*. Kamampuh awalna siswa kaasup katégori can mampuh kalayan rata-rata kelas 39.97. Sedengkeun kamampuh ahirna kaasup katégori mampuh kalayan rata-rata kelas jadi 74.23.
- 4) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis guguritan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match*. Dumasar kana hasil ngitung jeung katangtuan uji hipotésis, katitén yén  $t_{itung} > t_{tabel}$  nya éta 22.99 > 2.46. Ku kituna, hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Ieu hal nuduhkeun yén modél pangajaran *Make a Match* signifikan dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan.

## 5.2 Saran

Dumasar kana data di luhur, aya sababaraha saran anu ditepikeun.

- 1) Hasil ieu panalungtikan nuduhkeun yén modél *Make a Match* éfektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan. Ku kituna, bisa dijadikeun salah sahiji modél pangajaran alternatif pikeun pangajaran nulis sastra ogé, hususna nulis guguritan.
- 2) Kusabab modél *Make a Match* geus diterapkeun dina panalungtikan kuasi éksperimén jeung ékspérimén murni, ka hareupna perlu dilaksanakeun dina métode panalungtikan séjén, contona Penelitian Tindakan Kelas (PTK).
- 3) Saupama *Make a Match* digunakeun deui dina panalungtikan, usahakeun diterapkeun dina kaparigelan basa anu séjénna nyarita, maca jeung ngaregepkeun.
- 4) Guru kudu ngawasa konsép pangajaran *Make a Match* saméméh perlakuan di kelas. Sabab, nalika dilaksanakeunna ieu modél, suasana kelas bakal ramé, siswa bakal hésé dikontrol upama guru teu ngawasa pisan. Ku kituna, guru kudu bisa ngontrol kelas.